Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП(б)-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

Къыздэк1ырэр я 17-рэ илъ.

Мартым и 21

Гъубдж

№ 31 (3696)

ыуасэр чап. 20

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Советскэ Союзым и Маршалэу КОНЕВЫМ фак1о*

Я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэмэ наступлением зырагъэушъобгъузэ, тыгъуасэ, мартым и 17-м къалэу ык1и мэш1оку гъогу станцие инэу НОВО-УКРАИНКЭ, къалэу ык1и мэхьанэшхо зи1э мэш1оку гъогу зэхэк1ып1эу ПОМОШНАЯ, немцэмэ ежь яоборонэ иопорнэ пункт гъэпытагъэхэу агъэпсыгъагъэхэр аштагъэх.

НОВО-УКРАИНКЭР, ПОМОШНАЯ штэгъэнхэмк1э заоу аш1ыгъэхэм генерал-лейтенантэу ЖАДОВЫМ, генерал-полковникэу ШУМИЛОВЫМ ядзэхэр, танковэ дзэхэм ягенерал-майорэу КАТКОВЫМ, полковникэу БРИЖИНЕВЫМ ятанкистхэр, артиллерием игенерал-майорэу ПОЛУЭКТОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ПЕТРОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ПОПОВИЧЫМ яартиллеристхэр къащыхэщыгъэх.

Тек1оныгъэу аш1ыгъэр ознаменовать ш1ыгъэным пае, НОВО-УКРАИНКЭРЭ ПОМОШНАЯМРЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнхэмк1э аш1ыгъэ заохэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ык1и частхэр, „НОВО-УКРАИНСКЭ“ ц1эхэр афаш1ынхэм, орденхэмк1и наградить аш1ынхэм фэш1ы представить къаш1ынхэ фае.

Непэ, мартым и 18-м, сыхьатэр 20-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыц1эк1э я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ ш1агъохэу НОВО-УКРАИНКЭРЭ ПОМОШНАЯМРЭ зыштагъэхэмэ, топишъэрэ т1ок1ырэ пл1ырэр зэдаохэзэ огъу пш1ык1ут1ук1э салют афеш1ы.

Шъо зэк1э шъузипэщэ дзэхэу НОВО-УКРАИНКЭРЭ ПОМОШНАЯМРЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнхэмк1э аш1ыгъэ заохэм ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ афэбанэхэзэ, хэк1одэгъэ геройхэм егъэш1эрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техак1охэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Мартым и 18 1944-рэ илъэс.

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Советскэ Союзым и Маршалэу ЖУКОВЫМ фак1о*

А 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэмэ, къыдауахьызэ маневрэу аш1ыгъэмрэ ык1и фронтымк1э атакэу аш1ыгъэмрэ къахэк1эу, непэ, мартым и 19-м къалэу КРЕМЕНЕЦ — немцэмэ оборонительнэ сооружение жъугъэ зыхаш1ахьыгъэу естественнэу щыт пытэп1эшхоу Кременецкэ къушъхьэ тхыц1эм и1эр аштагъ.

КРЕМЕНЕЦ штэгъэным пае заоу аш1ыгъэхэм генерал-лейтенантэу ПУХОВЫМ, генерал-лейтенантэу КИРЮХИНЫМ ядзэхэр, артиллерием игенерал-майорэу КУВЕЕВЫМ, полковникэу СУССКЭМ яартиллеристхэр, танковэ дзэхэм ягенерал-майорэу КОРОЛЕВЫМ итанкистхэр, авиацием игенерал-полковникэу КРАСОВСКЭМ, авиацием игенерал-майорэу ГАЛУНОВЫМ, полковникэу ЛОЖЕЧНИКОВЫМ ялетчикхэр къащыхэщыгъэх.

Тек1оныгъэу аш1ыгъэр ознаменовать ш1ыгъэным пае, КРЕМЕНЕЦ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э заоу аш1ыгъэхэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ык1и частхэр, „КРЕМЕНЕЦКЭ“ ц1эхэр афаш1ынхэм, орденхэмк1и наградить аш1ынхэм фэш1ы представить къаш1ынхэ фае.

Непэ, мартым и 19-м, сыхьатэр 21-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыц1эк1э а 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ ш1агъохэу къалэу КРЕМЕНЕЦ зыштагъэхэмэ, топишъэрэ т1ок1ырэ пл1ырэр зэдаохэзэ, огъу пш1ык1ут1ук1э салют афеш1ы.

Шъо зэк1э шъузипэщэ дзэхэу КРЕМЕНЕЦ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э аш1ыгъэ заохэм ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ афэбанэхэзэ, хэк1одэгъэ геройхэм егъэш1эрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техак1охэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Мартым и 19 1944-рэ илъэс.

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Советскэ Союзым и Маршалэу КОНЕВЫМ фак1о*

Я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэмэ, танковэ соединениехэм ык1и пехотэм маневрэ пхъашэу аш1ыгъэм къыхэк1эу тыгъуасэ, мартым и 19-м къалэу МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ — мэш1оку гъогу зэхэк1ып1э инэу ык1и ДНЕСТРЭ немцэмэ оборонэу щаlыгъым мэхьанэшхо щызи1э опорнэ пунктэу щытэр аштагъ.

Къалэу МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ штэгъэным пае аш1ыгъэ заохэм генерал-лейтенантэу ТРОФИМЕНКОМ, генерал-лейтенантэу ГОРЯЧЕВЫМ, генерал-майорэу СЕМЕНОВЫМ ядзэхэр, танковэ дзэхэм ягенерал-лейтенантэу КРАВЧЕНКОМ, танковэ дзэхэм ягенерал-лейтенантэу ВОЛКОВЫМ ятанкистхэр, артиллерием игенерал-майорэу ЛЕБЕДЕВЫМ иартиллеристхэр, инженернэ дзэхэм ягенерал-майорэу ЦЫРЛИНЫ исаперхэр къащыхэщыгъэх.

Тек1оныгъэу аш1ыгъэр ознаменовать ш1ыгъэным пае, къалэу МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э аш1ыгъэ заохэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ык1и частхэр, «МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ» ц1эхэр афаш1ынхэм, орденхэмк1и наградить аш1ынхэм фэш1ы представить къаш1ынхэ фае.

Непэ, мартым и 20-м, сыхьатэр 20-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыц1эк1э я 2-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ ш1агъохэу къалэу МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ зыштагъэхэмэ, топишъэрэ т1ок1ырэ пл1ырэр зэдаохэзэ, огъу пш1ык1ут1ук1э салют афеш1ы.

Шъо зэк1э шъузипэщэ дзэхэу, къалэу МОГИЛЕВ-ПОДОЛЬСКЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э аш1ыгъэ заохэм ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ апае аш1ырэ заохэм ахэк1одэгъэ геройхэмэ егъэш1эрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техак1охэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Мартым и 20 1944-рэ илъэс.

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Советскэ Союзым и Маршалэу ЖУКОВЫМ фак1о*

А 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэмэ, непэ, мартым и 20-м, штурмэу ык1и къыдауахьызэ маневрэу ыбгъухэмк1э аш1ыгъэм къахэк1эу, Украинэм иобластной ык1и промышленнэ центрэ инэу къалэу ВИННИЦЭ, ЮЖНЭ БУГЫМ оборонэу щаlыгъым иопорнэ пункт пытэп1эшхоу немцэмэ аш1ыгъагъэр аштагъ.

Къалэу ВИННИЦЭ штэгъэным пае аш1ыгъэ заохэм генерал-полковникэу МОСКАЛЕНКОМ, генерал-лейтенантэу ШЕВЕРДИНЫМ, генерал-майорэу КИСЛИЦЫНЫМ ядзэхэр, артиллерием игенерал-майорэу ЛИХАЧЕВЫМ иартиллеристхэр, полковникэу БЕЛЯЕВЫМ итанкистхэр, авиацием игенерал-полковникэу КРАСОВСКЭМ, авиацием игенерал-майорэу КАМАНИНЫМ ялетчикхэр къащыхэщыгъэх.

Тек1оныгъэу аш1ыгъэр ознаменовать ш1ыгъэным пае, къалэу ВИННИЦЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э аш1ыгъэ заохэм анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ык1и частхэр «ВИННИЦКЭ» ц1эхэр афаш1ынхэм, орденхэмк1и наградить аш1ынхэм фэш1ы представить къаш1ынхэ фае.

Непэ, мартым и 20-м, сыхьатэр 21-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыц1эк1э а 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ ш1агъохэу къалэу ВИННИЦЭ зыштагъэхэмэ, топ шъит1урэ т1ок1ырэ пл1ырэр зэдаохэзэ, огъу т1ок1ык1э салют афеш1ы.

Шъо зэк1э шъузипэщэ дзэхэу, къалэу ВИННИЦЭ шъхьафит ш1ыжьыгъэнымк1э аш1ыгъэ заохэмэ ахэтыгъэхэу дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитныгъэрэ инезависимострэ апае аш1ырэ заохэм ахэк1одэгъэ геройхэмэ егъэш1эрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техак1охэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу*
*И. СТАЛИН.*

Мартым и 20 1944-рэ илъэс.

